CHIZIVISO CHAKAKOSHA – DANHO REMUSHANDIRAPAMWE PAMUSORO PESILICOSIS NETUBERCULOSIS

Chibvumirano cheSettlement Agreement cheSilicosis neTuberculosis pakati pemakambani matanhatu emigodhi - African Rainbow Minerals, Anglo American SA, AngloGold, Ashanti, Gold Fields, Harmony neSibanye Stillwater – uye magweta anomirira vashandi, akatenderwa nedare repamusoro muJohannesburg musi wa 26 Chikunguru 2019 uye chakatanga kushanda musi wa10 Zvita 2019 mushure mekunge zvisungo zvose zvazadzikiswa.

Mari dzese dziri kudiwa kubva kumakambani emigodhi pamwe neanofambidzana navo zvine chekuita neSilicosis neTuberculosis, nematanho emushandirapamwe kuDare Repamusorosoro achagadziriswa zvinoenderana nechibvumirano cheSettlement Agreement.

Unogona kuve nekodzero yekuripwa kana:

1. wakange uri mushandi wemugodhi wegoridhe pakati pa12 Kurume 1965 na10 Zvita 2019;
2. wakashanda pamugodhi umwe chete kana yakawanda inokodzera (ona chinyorwa chemazita pazasi) panguva migodhi iyi yaive yemakambani kana kutungamirwa nemakambani emigodhi ari muchibvumirano ichi;
3. wakashanda nzvimbo dzaive neguruva resilica; uye
4. wakabata Silicosis kana Tuberculosis kana kuti iwe wairitirwa nemushandi (semudzimai, mwana kana kuti waigara nemushandi semudzimai) wegoridhe akashaya.

NDAPOTA VERENGA CHIZIVISO ICHI ZVAKANAKA SEZVO ZVINOGONA KUKANGANISA KODZERO YAKO.

NDIANI ANOVERENGWA MUKUGADZIRISWA?

Kuripwa uku kunosanganisa vose vari muchirongwa chemamatanho aya. Uri nhengo yechirongwa kana uchizadzikidza zvose zvinodiwa nechero imwe yemakirasi mana anotevera:

Kirasi yekutanga:
Vanhu vese: 1. avo vanga vachishanda Basa Rine Njodzi musi wa10 Zvita 2019, kana 10 Zvita 2019 asati asvika. Basa Rine Njodzi rinotsanangurwa muOccupational Diseases in Mines and Works Act, 1973 sebasa rinoitwa nemunhu anoshandira pane guruva rinogona kukuvadza, zvichisanganisira kushanda mukati memugodhi wegoridhe; 2. munhu akabata Silicosis musi wa10 Zvita 2019 kana kuti musi uyu usati wasvika kana kuti akashandira pane guruva resilica; 3. munhu anoita kana akaita Basa Rine Njodzi mumigodhi iyi (ona chinyorwa chiri pazasi) musi wa12 Kurume 1965; wapfuura uye 4. munhu asina kumboripwa neAnglo American South Africa Limited neAngloGold Ashanti Limited musi wa14 Kurume 2016 uye neAnglo American South Africa musi wa19 Gunyana 2013, zvichiteerana.
Kirasi yechipiri:
Vanoriritirwa nevakanangwa mukirasi yekutanga iri pamusoro, vakashaya musi wa10 Zvita 2019 kana kuti musi uyu usati wasvika.

Kirasi yechitatu:
Vanhu vese: 1. avo vakasvika musi wa10 Zvita 2019 vachiita basa rine njodzi, kana mushure ma10 Zvita 2019 vakaita Basa Rine Njodzi; 2. vanhu vakabatwa neTuberculosis zuva ra10 Zvita 2019, kana kuti 10 Zvita 2019 asati asvika kana kupfuura; uye 3. vanoita kana vakaita Basa Rine Njodzi mune migodhi inokodzera (ona chinyorwa pazasi) mushure ma12 Kurume 1965.
Kirasi yechina:
Vanoriritirwa nevakanangwa mukirasi yechitatu iri pamusoro, vakashaya musi wa10 Zvita 2019 kana kuti musi uyu usati wasvika.

MURIPO UYU UNOREVEI?

Tshiamiso Trust yakagadzwa kuti izadzise zvirevo zvekugadzirisa nekubhadhara muripo wemari kune vanokodzera. Munhu anokodzera anowana muripo kamwe chete uri pakati pe R10 000 neR250 000, zvichienderana nekurwara nekukomba kwechirwere. Mune zvimwe zviitiko zvakakomba, mukwikwidzi anokodzera kuripwa mari yakawanda inosvika R500 000.

- Anokodzera kukwikwidza munhu anove nhengo yechero kirasi pamakirasi ataurwa pamusoro, uye anozadzikisa zvinodiwa neTshiamiso Trust kuti awane muripo wemari.
- Nhengo dzese dzemakirasi dzinogona kuendesa chikumbiro chemuripo wemari kuTshiamiso Trust, kusara kwenhengo dzakasarudza kusave muchirongwa chekuripwa.
- Zvinodiwa pakuekuendesa chikumbiro chemuripo zvakanyorwa mune zvinotevera uye pawebhusaiti www.tshiamisotrust.com.

Mitemo izere yeSecurity Settlement Agreement pamwe nezvisungo zveDare zvekubvumidza chibvumirano zviri pawebhusaiti www.tshiamisotrust.com zvinogona kuwanikwa zvekare kubva kuTshiamiso Trust (nzira dzekutaura navo dziri pane zvinotevera).

HAUSUNGIRWE UYE HAUFANIRI KUBHADHARA MUNHU KUTI AKUBATSIRE KUTUMIRA CHIKUMBIRO!

NZIRA DZEKUENDESA CHIKUMBIRO CHEMURIPO KUTSHIAMISO TRUST:

MAITIRO ECHIKUMBIRO:

Teedzerai nhano idzi:

1) Unogona kutarisa mapepa ako ari kuhofisi yeTshiamiso Trust uye kuti une kodzero yemuripo here pawebhusaiti reTshiamiso Trust rinoti https://www.tshiamisotrust.com/status-check/. Unogona zvakare kufonera call centre yeTrust kuti utarisirwe zvinyorwa zvako uye kuti ungadaro une kodzero yekuripwa here.
2) Webhusaiti riri pamusoro nenzvimbo yekufona (call centre) vanogona kukuudza Mapepa Anodiwa kuti muripo wako ugadzirwe. Mapepa aya anogona kusanganisira zvinotevera:
   - mifananidzo yechitupa, pasipoti kana humbowo hwemushandi/nhamba yako yeindasitiri;
   - kana uri munhu airiritirwa (semudzimai, mwana, kana munhu aigara semudzimai) nemushandi wepamugodhi wegoridhe akashaya, panodiwa mufananidzo wechitupa, pasipoti kana humbowo/nhamba yemushandi kana yeindasitiri yemunhu akashaya;
   - zvinyorwa zvebasa pane chero mugodhi unokodzera (ona chinyorwa pazasi).
3) Mumwe nemumwe angakwanisa kuripwa anofanira kukumbira nguva dzekuendesa mapepa ake nekufonera call centre yeTrust. Kune mahofisi makumi mashanu anotambira mapepa ekukumbira muripo ari muSouth Africa nedunhu reSADC. Nzvimbo yekufona inokupa nguva yekuendesa mapepa ako kuhofisi iri padyo nekwaunogara. Mumwe neumwe anofanira kuisa chikumbiro chake iye pachake.
   - Vanogara muSouth Africa vanogona kufonera call centre yeTrust pachena panhamba dzinoti **080 1000 240** kuti vaite musangano kuhofisi yepadyo navo muSouth Africa.
   - Vanoda kuripwa vanogara kunze kweSouth Africa vanogona kufonera Trust panhamba dzinoita kuti vazokufonera dzinoti **00 27 10 500 6186** kuitira kuronga musangano kuhofisi yemunyika mavo. Zivai kuti kana muchifona nhamba idzi, dzinoita sekunge dzakabatikana. Foni inomira kurira ipapo asi munhu weku call centre anozokufonerai pafoni yenyu. Zvichienderana nefoni yako yenharembozha kana foni yemumba iwe unogona kuda airtime kuti utange kutaura necall centre.

   Zivai kuti call centre inoshanda kubva na8am kusvika 5pm, Muvhuro kusvika Chishanu chete. Munokumbirwa kuti mufone panguva iyoyo chete.
4) Pazuva remusangano, tapota uyai neMapepa enyu eLodgement kuhofisi yeLodgement. Mabharani weClaims Lodgement anozokuudzai zvinogona kuitwa nemaererano emapepa eLodgement amunenge musina.
5) Vese vanonyoresa kuti vanoda kuripwa vanozoongororwa nemabiometric (mifanidzo yezvigunwe nezvimwewo.) kuratidza kuti ndivanaani zvakazara.
6) Kana zvichidiwa, munorongerwa kuongororwa nachiremba. Izvi zvinoitwawo panguva dzakatarwa.
7) Mushure meizvozvo kumbiro yako yekuripwa inozotarisirwa neMedical Certification Panel uye neTrust Certification Committee zvinoenderana nezvisungo zveTrust.
8) Kana chikumbiro chako chekuripwa chabvumidzwa, muripo wemari unozobhadharwa muakaundi yakaongororwa yekubhangi rako zvinoenderana nezvisungo zveTrust.

KANA UCHIDA RUMWE RUZIVO:

Enda pawebhusaiti re www.tshiamisotrust.com

TSHIAMISO TRUST INOBATIKA PA:

Tel: kana uchigara muSouth Africa
080 1000 240
Kana uchigara kunze kweSouth Africa
00 27 10 500 6186

Email: info@tshiamisotrust.com

Whatsapp: (+27) 87 250 0066

Webhusaiti: www.tshiamisotrust.com

Tshiamiso TRUST

Migodhi inokodzera

SA Land
Daggafontein
East Daggafontein
Elandsrand
Deelkraal (inonziwo Elandskraal)
Kusasalethu
Western Holdings (1,2,3,4,6,7) (ARMGold)
Matjhabeng (Western Holdings ne4 mashafuti Kudu, Nyala, Sable, Eland ayo aimbove mashafuti eFreddies neFree State Geduld)
Saaiplaas 2,3
Saaiplaas 4,5 (Masimong) (FreeGold 3)
Free State Geduld
Free State Cons
FreeGold 2 ne 4
Freddies 7 ne 9 (kusvika Kades Barnea cc, Pamodzi, mugodhi weTarget)
Freegold 2, 4 (Tshepong, Phakisa)
President Brand
President Steyn
Steyn 1,2 (kuKades Barnea, Pamodzi, Bambanani)
Steyn 3,4 (FreeGold 1, yave Bambanani)
Brand 1, 2, 3, 5 (Steyn 5 kusvika 8)
HJ Joel / Joel
Western Reefs (yakabatanidzwa neVaal Reefs)
Vaal Reefs (1,3,4,5,6,7)
Vaal Reefs 2
Vaal Reefs 8 (Great Noligwa)
Vaal Reefs 9 (Kopanang)
Vaal Reefs 10 (Tau Lekoa)
Vaal Reefs 11 (Moab Khotsong)
Western Deep Levels
Mponeng (South Mine WDL 1)
Tau Tona (East Mine WDL 3)
Savuka (West Mine WDL 2)
St Helena
Evander (kusanganisira migodhi inoti Kinross, Leslie, Bracken ne Winkelhaak)
Randfontein Estates
Doornkop
Cooke 1, 2 and 3 (Rand Uranium)
Cooke 4 (Ezulwini)
Unisel
Harmony mine
Merriespruit
Hartebeesfontein
Loraine (maShafuti 1,2 ne 3)
Zandpan
Mugodhi weVirginia
Village Main Reef
Nzvimbo dzekumadokero (kusvika kuSouth Deep)
South Deep
Beatrix (kusanganisira Oryx)
Oryx (kuBeatrix)
Driefontein (kusanganisira East Driefontein, West Driefontein neDriefontein Cons)
Kloof (kusanganisira Leeudoorn kubva 1 Ndira 1993, Libanon uye Venterspos)
St Helena (Chikamu cheBeisa)